Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL DEVWALE PLAN POU RANFÒSE SEKIRITE PIBLIK LA E POU RANN LARI AK METWO NOU YO PI AN SEKIRITE

Avanse yon lejislasyon ki se premye nan nivo nasyonal pou pran mezi kont zam ilegal moun fabrike lakay yo ak enprimant 3D

Pwoteje dwa konstitisyonèl, libète relijyon ak aksè ak swen pou moun Nouyòk yo

Kenbe nivo krim nan metwo a ki pi ba pase tout tan lè nou mete lapolis sou platfòm yo, ogmante ekip SCOUT yo, epi nan pwoteje vwayajè yo ak baryè sekirite sou bò platfòm yo

Sipòte sivivan yo, envesti nan mezi pou konbat krim, epi amelyore pwogram sipò pou fòs lòd yo ak premye sekouris yo

Pwoteje wout Nouyòk yo lè nou kanpe moun k ap kondui ak twòp vitès nan vil Nouyòk grasa asistans entelijan pou vitès epi asire sekirite an premye nan zòn travay Nouyòk yo

Amelyore repons pou ijans ak katastwòf nan Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a yon seri pwopozisyon ki pral ranfòse sekirite piblik atravè Nouyòk kòm yon pati nan Diskisyon Eta Leta li a pou 2026 la. Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul envesti 3 milya dola nan sekirite piblik, sa gen ladan l yon sipò san parèy pou fòs lòd lokal ak eta a, pou ba yo resous ak sipò yo bezwen pou diminye vyolans ak zam nan nivo ki pi ba pase tout tan, diminye krim nan tren anba tè a epi konbat ogmantasyon vòl veyikil ak vòl an detay pandan epòk pandemi an. Efò sa yo, ansanm ak chanjman ki lojik nan lwa eta a sou kosyon, dekouvèt ak zam ke Gouvènè Hochul te jwenn nan sesyon lejislatif anvan yo, te ede fè Nouyòk youn nan gwo eta ki pi an sekirite nan peyi a.

"Lè m te antre an fonksyon an, mwen te pwomèt pou m fè tout sa m kapab pou m retabli sekirite ak pwoteksyon," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou poze aksyon pou n respekte pwomès sa a: Envestisman san parèy nan lapolis ak sekirite piblik, lwa sou zam ki pi solid nan peyi a, epi refòm ki baze sou bon sans pou kenbe kriminèl k ap repete menm zak yo lwen lari a. Ane sa a, n ap bati sou sa ki mache byen grasa kowòdinasyon done ak aplikasyon lalwa entelijan pou nou pran devan krim."

Pwopozisyon jodi a yo pral bati sou pwogrè sa a lè yo konbat pwoblèm zam fantom ilegal ki fèt ak enprimant 3D yo, envesti nan nouvo teknoloji pou konbat krim, sipòte ofisye lapolis ak premye sekouris yo, pwoteje wout ak metwo yo nan Nouyòk, amelyore sistèm repons pou preparasyon ijans yo, epi pwoteje libète relijyon ak aksè Nouyòkè yo a swen sante.

Sispann zam ilegal ki fèt lakay yo
Pran mezi sevè kont zam afe ki fèt ak enprimant 3D yo
Gouvènè Hochul te vote lwa sou zam ki pi solid nan peyi a epi li te fè envestisman rekò nan prevansyon vyolans ak zam, sa ki te lakòz Nouyòk te gen mwens ensidan fiziyad nan tout listwa eta a an 2025. Sepandan, Nouyòk ap fè fas ak yon menas emèjan ansanm ak rès peyi a – pwopagasyon zam afe ak konpozan ki fèt ak enprimant 3D. Tank enprimant 3D yo ap vin pi komen, plan zam sou entènèt yo ap vin pi komen tou—enstriksyon ou ka telechaje ki fasilite fabrikasyon zam ilegal, ki pa ka retrase, epi ki fasil pou pwodui.

Gouvènè Hochul pran yon pozisyon fèm, kòm lidè nan peyi a, pou l atake menas sa a. Li pral pran mezi sevè kont zam afe ilegal ki fèt ak enprimant 3D lè li fè avanse yon lejislasyon premye plan nan peyi a ki pral egzije estanda sekirite minimòm pou enprimant 3D yo vann nan Nouyòk pou yo ekipe ak teknoloji debaz ki anpeche pwodiksyon san lisans ak ilegal zam afe ak pyès zam afe ki ka touye moun. Lejislasyon an pral bay Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta Nouyòk la tach pou dirije yon gwoup travay ki gen ekspè pou rekòmande règleman ki pral asire pwoteksyon Nouyòkè yo kont mitrayèz brikole (DIY) danjere sa yo. Apre aplikasyon règleman ki sòti yo, lejislasyon an ap pèmèt rekous kont nenpòt aktè ki vann yon enprimant 3D nan Nouyòk san ekipe l ak teknoloji sa a.
Pou anpeche distribisyon san kontwòl plan dijital ki pèmèt enprimant tankou sa yo ki nan salklas lekòl presegondè ak kay prive yo pwodui zam afe, Gouvènè a pral avanse yon lejislasyon ki kriminalize posesyon, vant oswa distribisyon ilegal plan ki pèmèt enprime zam ak pyès zam ilegal. Lejislasyon an pral ajoute tou sanksyon kriminèl pou fabrike zam afe ki fèt ak enprimant 3D. Anplis de sa, Gouvènè a pral bay Lapolis Eta Nouyòk enstriksyon pou swiv alafwa zam afe ilegal ki fèt ak enprimant 3D ak sous dosye konsepsyon ilegal yo, an patenarya ak lòt ajans fòs lòd yo pou devlope entèvansyon sible.

Vize Mitrayèz Brikole yo
Mitrayèz yo ilegal nan tout eta epi entèdiksyon Eta Nouyòk sou zam aso ak zam aso semi-otomatik sove lavi anpil moun. Konpayi fabrikasyon yo pa ta dwe gen dwa vann pistolè ki ka transfòme an zam otomatik – ki ka tire jiska 1,200 bal pa minit – gras ak yon ti aparèy ki rele "switch" ki gwosè yon ti moso jwèt Lego ke yo ka fasilman achte sou entènèt oubyen fè ak enprimant 3D. Sepandan, gen sèten modèl zam afe ki fè li patikilyèman fasil pou fè sa, yo konvèti zam nan an yon mitrayèz ki totalman otomatik ki pèmèt moun k ap tire a lage yon lapli bal ak yon sèl kout detant. Menm si konvètisè pistolè yo deja ilegal nan nivo eta a ak federal la, yo ka achte aparèy sa yo ilegalman oubyen enprime yo an 3D lakay yo, epi enstale yo an kèk minit.

Ane pase a, Gouvènè Hochul te siyen yon lejislasyon ki egzije pou fabrikan yo pran mezi rezonab pou asire ke zam afe yo pa te fasil pou konvèti an mitrayèz. Ane sa a, li pral bati sou efò sa a epi pran plis mezi pou pwoteje Nouyòkè yo lè li egzije pou tout pistolè yo vann nan eta a bay sitwayen prive yo dwe fèt yon fason ki asire yo pa ka transfòme rapidman e fasilman an mitrayèz yo fè lakay.

Pwoteje dwa vwazen nou yo

Etabli yon dwa pou pouswiv ofisye federal yo pou vyolasyon konstitisyonèl

Avèk ogmantasyon san parèy nan aplikasyon lalwa federal sou imigrasyon, kominote atravè Etazini yo ap soufri anba taktik lou ki swadizan vyole dwa konstitisyonèl yo. Pou pwoteje kominote yo atravè eta a epi asire responsablite lè dwa konstitisyonèl yo vyole, Gouvènè Hochul pral avanse yon lejislasyon ki bay Nouyòkè yo yon chemen klè pou yo chèche jistis lè dwa yo vyole.

Pwopozisyon an otorize moun pou yo pote aksyon sivil nan nivo eta kont ofisye federal ki vyole dwa konstitisyonèl Nouyòkè yo nan Etazini, an akò avèk menm estanda legal ki deja egziste nan lòt kote nan lwa a. Li enpòtan pou note ke ofisye fòs lòd nan nivo eta ak lokal yo deja sijè a estanda sa yo, tankou iminite kalifye ki pwoteje ofisye ki aji nan limit lalwa byen etabli. Lejislasyon sa a ta asire responsablite pou ofisye federal yo anba menm estanda sa yo.

Pwoteje Nouyòkè nan zòn sansib yo

Pandan plizyè deseni, politik federal la te limite aplikasyon lalwa imigrasyon sivil san manda nan kote sansib tankou lekòl, lopital ak nan lye dorasyon. Chanjman federal ki fèt dènyèman yo te retire pwoteksyon sa yo, sa ki deranje sekirite piblik, kominote lekòl yo, aksè ak swen, ak konfyans nan enstitisyon enpòtan yo.

Nouyòkè yo ta dwe kapab ale lekòl, jwenn aksè a gadri, chèche swen medikal, epi adore anpè. Gouvènè Hochul pral pwopoze yon lejislasyon pou asire ke zòn sansib yo ka pwoteje kont aplikasyon lwa imigrasyon sivil san yon manda jidisyè. Mezi sa a pral ede bay estabilite pou timoun ak fanmi yo nan espas kominotè esansyèl yo.

Pwoteje aksè an sekirite ak lye dorasyon ak nan swen sante

Nan Nouyòk ak atravè peyi a, n ap konstate yon kantite ensidan k ap bay kè sote kote moun ap entèvni nan fason ki deplase—tankou manifestasyon ki chaje ak kòlè epi ki baze sou rayisans—lè sitwayen yo ap eseye egzèse dwa yo pou yo adore oswa pou yo chèche swen sante nan yon fason ki an sekirite epi san yo pa sibi arasman. Pou asire libète fondamantal sa yo, Gouvènè Hochul ap avanse lejislasyon pou etabli zòn tanpon ozalantou lye adorasyon ak sant swen sante yo. Lè yo pran leson yo aprann nan apwòch yo adopte nan lòt jiridiksyon, zòn tampon sa yo pral pwoteje moun kont arasman ak antrav tout pandan y ap prezève dwa pou yo eksprime tèt yo legalman. Pwopozisyon sa a reflete angajman Nouyòk pou pwoteje sekirite piblik, libète relijyon, ak aksè ak swen, tout pandan l ap respekte valè konstitisyonèl yo.

Priyorize sekirite nan Metwo a

Kenbe nivo krim nan metwo a ki pi ba pase tout tan lè nou mete lapolis sou platfòm yo
Krim nan metwo a te rive nan pi ba nivo li nan 16 ane an 2025, ak 14.4 pousan gwo krim an mwens nan sistèm transpò a konpare ak 2019. Vòl nan transpò piblik yo te tonbe nan pi ba nivo yo te janm anrejistre, pandan ke rekiperasyon zam yo te rive nan yon pi gwo nivo ki pa janm te janm rive. Kantite pasaje metwo a ap ogmante: an 2025, te gen prèske 1.3 milya vwayaj, yon ogmantasyon 30 pousan parapò ak 2022.

Pwogrè sa yo — mwens krim ak plis pasaje — se rezilta travay di ofisye lapolis devwe yo, avèk sipò nan envestisman pro-aktif Gouvènè Hochul nan estrateji angajman lapolis ak sante mantal ki ankouraje lòd ak sekirite piblik nan tout sistèm nan. Pou asire pwogrè kontinyèl nan sekirite métro a, Gouvènè Hochul pral angaje 77 milyon dola anplis pou sipòte deplwaman ofisye NYPD atravè sistèm métro a pou vize zòn ki gen plis bezwen yo epi bay pi gwo enpak pou amelyore sekirite pasaje yo.

Ap ogmante ekip SCOUT yo nan sistèm metwo a
Sistèm metwo Nouyòk la kontinye sèvi kòm yon refij pou kèk nan moun ki pi vilnerab nan Eta a, tankou moun ki pa gen kay ak moun ki gen maladi mantal grav ki pa trete. Inisyativ Ekip Sansibilizasyon pou Repons Konjwen nan Metwo a, ke yo rekonèt kòm SCOUT, mete ofisye Lapolis MTA yo an kontak ak anplwaye klinik ki soti nan Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri nan Vil Nouyòk pou angaje moun ki nan kriz epi konekte yo ak swen, tretman oswa abri. Pandan pwogram nan ap fonksyone, entèvansyon SCOUT yo te pèmèt evite anviwon 7,500 nwit lopital, san sa pa t lakòz prèske okenn entèvansyon lapolis.

Baze sou siksè ekip aktyèl yo, ki deja ede plizyè santèn moun jwenn aksè ak swen sikyatrik, sèvis medikal ak abri, Gouvènè Hochul pral elaji ekip SCOUT yo pa 50% soti nan 10 pou rive nan 15, pou rive nan plis kote epi opere avèk plis fleksibilite nan tout sistèm nan. Ekspansyon sa a pral pèmèt ekip yo reponn pi rapidman bay moun ki nan detrès egi epi konsantre resous yo kote bezwen yo pi plis. Lè yo ranfòse patenarya sa a ki deja pwouve efikasite yo, Nouyòk pral amelyore sekirite nan metwo a tout pandan y ap asire moun ki nan kriz yo resevwa swen apwopriye alè olye pou yo rete san sipò.

Pwoteje pasaje yo atravè baryè bò platfòm yo
Pwoteje pasaje yo sou platfòm metwo a se youn nan fason ki pi dirèk pou amelyore sekirite transpò piblik chak jou. Gouvènè Hochul pral elaji enstalasyon baryè bò platfòm yo nan 85 estasyon metwi anplis an 2026, pou l bati sou pwogrè ki fèt dènyèman pou diminye risk pou moun tonbe sou ray yo. Baryè sa yo bay yon amelyorasyon sekirite fizik vizib ke pasaje yo fè eksperyans imedyatman pandan y ap tann tren yo. Yo deja modènize 115 estasyon grasa yon apwòch senplifye entèn ki pèmèt enstalasyon yo deplase rapidman e avèk efikasite. Lè Eta a kontinye aplike apwòch sa a ki deja pwouve efikasite li, li pral fè estasyon metwo yo pi an sekirite, pi kalm, epi pi an sekirite pou plizyè milyon pasaje chak jou.

Konbat krim epi asire jistis
Agrandi Sant Analiz Krim yo nan tout Eta a

Rezo Sant Analiz Krim Nouyòk la vin tounen yon zouti enpòtan nan estrateji sekirite piblik Eta a, lè li sipòte ankèt yo, ranfòse pouswit jidisyè yo, epi amelyore kowòdinasyon ant ajans fòs lòd yo. Kòm krim ap travèse limit jiridiksyon yo deplizanpli, gen yon demann k ap grandi pou amelyore kapasite analiz nan rejyon ki gen yon gwo dansite popilasyon ak aktivite rejyonal konplèks. Sant Analiz Krim yo se egzanp pafè apwòch Gouvènè a anvè politik ki baze sou done, ki reyini tout pati enpòtan yo pou konfwonte defi ki pi difisil yo tèt pou tèt.

Pou rive nan yon pwoteksyon konplè nan tout eta a, Gouvènè Hochul pral elaji Rezo Sant Analiz Krim nan lè li etabli yon nouvo sant nan Konte Westchester. Sant sa a pral bay lapolis lokal ak rejyonal yo analiz krim an tan reyèl, sipò pou ankèt, ak yon pi bon pataj enfòmasyon ak konte yo ak patnè Eta yo. Pa elaji enfliyans yon modèl inik ki rekonèt nasyonalman sou yon korrid rejyonal kle, Nouyòk ap kontinye ranfòse sekirite piblik epi sipòte yon polis efikas atravè tout eta a.

Rezoud krim lè w envesti nan laboratwa krim Nouyòk yo
Analiz legal (forenzik) ki fèt alè e ki fyab enpòtan anpil pou bay viktim yo jistis epi pou rann delenkan yo responsab, epoutan anpil nan laboratwa krim nan Nouyòk ap opere ak ekipman demode ak kontrent pèsonèl ki dire lontan. Gouvènè Hochul pral envesti nan laboratwa krim atravè eta a pou diminye akimilasyon ka yo, akselere tretman ka yo, epi amelyore kalite ak konsistans prèv legal yo. Inisyativ sa a pral sipòte amelyorasyon teknoloji analiz ADN ak dwòg, ogmante pèsonèl legal, epi ranfòse estanda nan tout eta a atravè akreditasyon ak tès konpetans. Lè Eta a amelyore vitès ak fyabilite travay legal la, li pral ede asire ke ka yo avanse avèk efikasite epi ke sivivan yo pa rete ap tann plizyè ane pou gen yon rezolisyon.

Amelyore akademi fòmasyon lapolis yo
Ofisye lapolis Nouyòk yo resevwa fòmasyon atravè yon sistèm desantralize akademi lokal ki varye anpil nan kourikoulòm, dire ak kalite ansèyman. Enkonsistans sa a vle di ofisye yo atravè eta a pa resevwa menm nivo preparasyon, malgre y ap sèvi kominote ki gen menm atant an tèm pwofesyonalis, sekirite ak responsablite. Gouvènè Hochul pral ranfòse fòmasyon lapolis la lè li devlope yon pwogram akreditasyon ke ajans lokal yo ka chwazi pou asire ke tout ajans yo gen aksè egal ak enfòmasyon estanda sou pi bon pratik yo, sa ki pral ede bay enstriksyon kalite siperyè, patikilyèman pou depatman ki pi piti yo ak sa ki pa jwenn ase sèvis.

Sipòte lapolis Eta a apre ensidan kritik yo
Premye sekouris nou yo fè eksperyans pi gwo nivo pwoblèm sante mantal pase pifò lòt pwofesyon yo. Kòm yon pati nan angajman Gouvènè Hochul pou pran swen Fòs Lòd yo, adrese defi sa yo te yon priyorite. Patwouy Eta Nouyòk yo ap fè youn nan misyon sekirite piblik ki pi difisil nan peyi a epi yo mete tèt yo an danje pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Pou sipòte byennèt ofisye yo ak sekirite piblik la, Gouvènè a pral avanse yon lejislasyon pou amelyore ak kodifye konje peye pou ensidan kritik pou manm Lapolis Eta a ki enplike nan itilizasyon fòs ki kalifye e ki jistifye. Pwopozisyon sa a asire ke ajan yo gen tan ak sipò yo bezwen pou yo refè, kolabore nèt ale ak ankèt yo, epi

retounen nan sèvis yo san danje, sa ki ranfòse responsablite, pwofesyonalis, ak sekirite kominote y ap sèvi yo.

Pwolonje Òdonans Pwoteksyon yo
Lè akize yo pa konparèt nan tribinal, òdonans pwoteksyon yo—ki ka gen ladan yo dispozisyon pou rete lwen, egzijans pou pa gen kontak, ak obligasyon pou remèt zam—pèdi valè yo nan moman viktim yo ki pi an danje. Twoub sa a pèmèt moun evite konsekans pwoteksyon tribinal la bay tou senpleman lè yo pa retounen nan tribinal, sa ki afebli sekirite ak responsablite viktim yo. Gouvènè Hochul pral fèmen twou vid sa a lè li egzije tribinal yo pou yo otomatikman pwolonje yon òdonans pwoteksyon lè yon akize pa retounen nan tribinal la. Jij yo ap gen obligasyon tou pou avize akize yo davans ke lòd la ap rete an vigè si yo pa parèt. Lè Leta ranfòse kontinite ak responsablite, li pral pi byen pwoteje viktim yo epi anpeche vid danjere nan aplikasyon lalwa a.

Sipòte Pwogram Asistans pou Viktim ki an Risk ak Sivivan yo
Anpil nan plis pase 250 Pwogram Asistans pou Viktim nan Nouyòk bay sèvis ki konplete sa yo ke Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) ofri dirèkteman, epoutan gen kèk òganizasyon ki pi piti oswa òganizasyon ki dirije pa sivivan ki souvan manke kapasite administratif pou jere estrès finansye. Lè pwogram sa yo fèmen, twou vid ki genyen nan sèvis yo ka parèt byen vit nan kominote ki afekte yo. Gouvènè Hochul pral anonse yon nouvo inisyativ asistans teknik ke OVS administre pou sipòte pwogram pou moun ki an risk fiskal ak pwogram ki dirije pa sivivan yo. Òganizasyon k ap patisipe yo ap kapab mande asistans espesifik, tankou sipò jesyon finansye, konsèy konfòmite, ak planifikasyon òganizasyonèl, pou estabilize pwogram yo, amelyore dirabilite alontèm, epi ogmante aksè ak sèvis pou viktim yo nan tout eta a.

Senplifye ak Pwomouvwa Aksè ak Konpansasyon pou Viktim yo
Pou viktim krim yo, baryè finansye ki soti nan viktimizasyon ka agrave chòk la epi retade rekiperasyon an, epoutan anpil Nouyòkè pa okouran ke gen konpansasyon pou viktim yo oswa yo gen difikilte pou navige nan pwosesis reklamasyon an. Gouvènè Hochul pral modènize sistèm konpansasyon pou viktim Nouyòk la lè li lanse yon nouvo platfòm reklamasyon ki baze sou chòk, ki pi fasil pou jwenn aksè, pi fasil pou itilize, epi ki pi reponn a bezwen viktim yo. Eta a pral ankouraje tou sansibilizasyon sou konpansasyon pou viktim yo ak sèvis ki gen rapò ak yo, pou sivivan yo konnen èd disponib lè yo pi bezwen li, menm si yo te rapòte krim nan bay lapolis oswa non. Ansanm, amelyorasyon sa yo pral ede viktim yo jwenn sipò finansye pi vit, diminye estrès pandan rekiperasyon an, epi ranfòse konfyans nan sèvis ki fèt pou sipòte yo.

Refòm pwosedi pou kit koleksyon prèv pou ofans seksyèl yo
Moun ki siviv agresyon seksyèl merite yon sistèm ki priyorize diyite yo, otonomi yo ak byennèt yo alontèm. Gouvènè Hochul pral avanse yon lejislasyon pou modènize pwosedi kit koleksyon prèv ofans seksyèl yo, pou sivivan yo gen plis tan, plis kontwòl, ak plis opsyon lè y ap deside kijan pou yo avanse. Pwopozisyon an pral pwolonje peryòd retansyon kit koleksyon prèv ofans seksyèl pou sivivan ki te sibi agresyon lè yo te timoun, epi asire ke prèv yo pa ka detwi san konsantman yon sivivan. Li pral bay sèten minè ki gen kapasite pou bay konsantman yo plis otorite sou desizyon ki gen rapò

ak pwòp twous koleksyon prèv yo. Pwopozisyon sa yo konplete lejislasyon istorik Gouvènè a te siyen an ki te etabli epi elaji yon Sistèm Suivi Kit Ofans Seksyèl nan tout Eta a, ki fèt pou sipòte sivivan yo epi jwenn jistis. Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap kontinye travay avèk sivivan yo, defansè yo, lapolis yo, ak founisè swen sante yo pou eksplore lòt opsyon pou tès ak rapò sou kit prèv ofans seksyèl yo. Ansanm, chanjman sa yo pral diminye re-twomatizasyon, elaji aksè ak sèvis pou sivivan yo, epi asire sistèm nan reponn ak sivivan yo jan yo vle, pa nan yon delè abitrè.

Senplifye jistis la lè nou diminye depans ak reta nan pwosedi Gran Jiri Nouyòk la
Nan 22 eta ki egzije pou yon gran jiri akize yon moun nan ka krim grav, Nouyòk se sèl eta ki egzije pou yon temwen parèt an pèsòn pou otantifye dokiman biznis rityèl yo anvan yo ka aksepte yo kòm prèv. Egzijans demode sa a fòse temwen yo vwayaje, souvan soti toupatou nan peyi a, jis pou reponn kèk kesyon debaz sou dosye ki kreye nan kad nòmal biznis la. Rezilta a se ogmantasyon depans pou pwokirè yo, pèt pwodiktivite pou konpayi yo, reta nan ka yo, ak gaspiyaj lajan kontribyab yo.

Gouvènè Hochul pral chèche yon lejislasyon ki pèmèt dosye biznis routin yo dwe prezante rapidman atravè yon afidavi sou sèman, pou mete pwosedi gran jiri Nouyòk yo an konfòmite ak pratik modèn nan tout peyi a. Anplis de sa, temwen enpòtan ki sitiye andeyò eta a oswa trè lwen gran jiri a, ap kapab temwaye san yo pa sibi gwo depans pou eta a oswa deranjman pou temwen yo. Refòm sa yo ki gen bon sans pral diminye depans, amelyore jistis, anpeche reta nesesè, epi finalman mete fen nan yon pwosesis ki vrèman lou e demode.

Pwoteje wout Nouyòk yo
Kanpe moun k ap kondui ak twòp vitès nan vil Nouyòk grasa asistans vitès entelijan an
Vitès se youn nan prensipal kòz blesi grav ak lanmò nan lari yo nan Vil Nouyòk, kote moun ki gen abitid fè eksè dvitès yo reprezante yon risk ki twòp pou pyeton, siklis, ak fanmi yo. Gouvènè Hochul pral prezante yon lejislasyon pou otorize Vil Nouyòk pou l pilote yon pwogram ki egzije enstalasyon sistèm Asistans Vitès Entelijan nan machin chofè ki gen abitid vyole lwa sou limit vitès epi ki mete lavi moun nan Nouyòk an danje. Anba inisyativ sa a, Vil Nouyòk ka egzije pou machin ki kondi pa moun ki toujou ap depase vitès yo ekipe ak teknoloji ki anpeche chofè yo kondui plis pase kèk km pa èdtan pi wo limit vitès ki afiche a. Pilòt sa a pral vize dirèkteman konpòtman ki pi danjere nan kondwi, pou ede anpeche trajedi anvan yo rive epi pou fè lari nan vil la pi an sekirite pou tout moun. Baze sou rezilta inisyativ pilòt sa a, Nouyòk pral chèche pèmèt kominote ki enterese nan tout eta a chwazi pou yo patisipe nan yon pwogram Asistans Vitès Entelijan.

Asire sekirite an premye nan zòn travay Nouyòk yo
Zòn travay sou gran wout yo se pami kote ki pi danjere pou travay nan Nouyòk, kote vitès ak distraksyon sou wout kontinye mete travayè yo ak chofè yo an danje. Anplis envazyon nan zòn travay ki lakòz aksidan mòtèl ak blesi grav, travayè transpò yo ap fè fas tou ak yon ogmantasyon nan pousantaj arasman ak agresyon pandan y ap travay pou antreteni wout nou yo. Gouvènè Hochul pral ranfòse sekirite nan zòn travay yo lè li

prezante yon lejislasyon pou elaji sistèm kontwòl vitès otomatik la sou plis wout epi modènize edikasyon chofè pou ranfòse konpòtman an sekirite nan zòn travay aktif yo. Eta a pral deplwaye tou nouvo teknoloji ki pral avèti travayè yo imedyatman lè machin yo antre nan zòn ki fèmen yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral ankouraje pwoteksyon legal ki pi solid pou travayè otowout ki sou premye liy yo pou dekouraje agresyon epi rann delenkan yo responsab. Ansanm, aksyon sa yo pral pi byen pwoteje moun k ap kenbe wout Nouyòk yo an sekirite epi diminye blesi ak lanmò ki ka evite nan zòn travay yo.

Ranfòse nòm lisans motosiklèt pou nouvo motosiklis ak sila ki pa gen eksperyans yo

Motosiklis yo fè fas ak yon risk ki pi wo pou yo blese grav oswa mouri nan aksidan trafik, sitou lè yo pa gen fòmasyon fòmèl ak eksperyans sou wout. Malgre ke Nouyòk ofri kounye a yon kou sekirite sou motosiklèt volontè, chofè yo ka kounye a jwenn yon lisans san yo pa bezwen swiv enstriksyon estanda. Gouvènè Hochul pral ranfòse estanda pou lisans motosiklèt yo lè li egzije tout moun ki nouvo oswa k ap kondui pou premye fwa k ap chèche lisans motosiklèt pou yo konplete yon kou fòmasyon apwouve pou chofè anvan yo jwenn lisans lan, pou asire ke chofè yo resevwa enstriksyon konsistan sou operasyon an sekirite, teknik pou kondui ak prekosyon, ak kondisyon trafik reyèl yo. Lè Nouyòk etabli yon baz klè pou fòmasyon, li pral diminye aksidan ki ka evite epi ede siklis yo devlope konpetans ki nesesè pou yo monte motosiklèt san danje epi yon fason responsab.

Amelyore repons pou ijans ak katastwòf

Amelyore preparasyon pou evènman vyolans an mas

Nouyòk te fè eksperyans yon kantite ensidan vyolans an mas k ap ogmante nan dènye ane yo, sa ki mete yon gwo presyon sou kominote yo ak òganizasyon ki sipòte sivivan yo touswit apre yo. Malgre ke Pwogram Asistans pou Viktim lokal yo se premye pwen kontak ou ka fè konfyans, anpil ladan yo pa resevwa fòmasyon nan sante mantal nan ka ta gen katastwòf, premye swen sikolojik, ak repons kowòdone pou gwo viktim. Gouvènè Hochul pral ranfòse preparasyon Eta a pou evènman vyolans an mas lè li dirije yon inisyativ fòmasyon nan tout eta a pou ekipe Pwogram Asistans pou Viktim ki baze nan kominote a ak konpetans ki nesesè pou reponn efektivman a gwo ensidan yo. Gouvènè a pral amelyore kowòdinasyon ant ajans Eta yo atravè Konsèy Konsiltatif pou Vyolans an Mas la lè li etabli pwotokòl repons pataje ki klarifye wòl yo epi senplifye sipò a.

Ranfòse kapasite rechèch ak sekou iben nan tout Eta a

Gouvènè Hochul pral ranfòse repons ijans nan tout eta a lè li etabli yon nouvo kapasite Rechèch ak Sekou Iben atravè yon patenarya ant Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) eta a ak premye sekouris lokal yo. Ekip la pral satisfè estanda federal Tip 1 pou Rechèch ak Sekou Iben, sa ki pèmèt li deplwaye rapidman epi soutni operasyon sekou sou gwo echèl pandan gwo katastwòf, epi elaji aksè ak kapasite sekou avanse ki aktyèlman konsantre nan Vil Nouyòk. Lè yo ranfòse kapasite sa a nan tout eta a, Nouyòk pral amelyore tan repons yo, sipòte sekouris lokal

yo, epi pi byen pwoteje lavi pandan katastwòf ak ijans pandan evènman metewolojik ekstrèm yo ap vin pi souvan ak pi grav

Fè patenarya avèk Kanada pou ranfòse repons nan ka katastwòf
Nouyòk regilyèman konte sou èd mityèl nan men lòt eta pandan ijans, men akò aktyèl yo pa pèmèt Eta a jwenn aksè fòmèl nan men pwovens Kanadyen ki toupre yo, menm lè resous sa yo pi pre epi pi rapid pou deplwaye. Gouvènè Hochul pral pwopoze yon lejislasyon ki otorize Nouyòk pou rantre nan Akò pou Asistans nan Jesyon Ijans nan Rejyon Nò (Northern Management Assistance Compact) ak Akò Entènasyonal pou Asistans nan ka Ijans (International Ijans Assistance Compact), sa ki pral pèmèt yon repons ijans kowòdone avèk Ontario ak Kebèk. Sa ap pèmèt Nouyòk mande epi bay pèsonèl, ekipman, ak kapasite espesyalize lòt bò fwontyè a pandan katastwòf.

Devlope yon plan konplè pou dwòn
Ofiramezi dwò yo ap vin pi kouran epi yo gen plis kapasite, yo kòmanse reprezante yon danje k ap grandi pou sekirite piblik, enfrastrikti enpòtan yo, ak piblik la. Lwa aktyèl yo limite kapasite Eta a pou mete restriksyon sou kote dwòn yo ka opere, pou reponn rapidman lè yo itilize dwòn yo yon fason malveyan oswa danjere, oswa pou teste epi itilize teknoloji efikas pou konbat dwòn yo.

Gouvènè Hochul pral avanse yon apwòch konplè pou entèdi itilizasyon dwòn ki riske epi pou pilote itilizasyon responsab dwòn yo yon fason ki limite kòm premye sekouris. Li pral fè avanse lejislasyon ak aksyon ajans yo pou limite plis kote dwòn yo ka vole, elaji otorite lapolis pou reponn a menas kredib ki fèt ak dwòn epi sipòte tès teknoloji kont dwòn yo an sekirite. Dapre pwopozisyon an, Lapolis Eta Nouyòk la pral pilote dwòn kòm premye sekouris, sa ki pral pèmèt ofisye yo evalye reyalite yon sitiyasyon anvan yo rive sou plas epi ankouraje sekirite ofisye yo ak sekirite piblik la.

Sipòte Bezwen Sante Mantal Premye Sekouris yo
Yon evalyasyon resan nan tout eta a pa DHSES ak SUNY New Paltz te revele ke plis pase mwatye nan premye sekouris Nouyòk yo ap soufri ak fatig total, twoub estrès pòs-twomatik (PTSD), depresyon, ak ansyete; anpil nan yo ka menm tonbe nan itilize dwòg oswa alkòl kòm yon mwayen pou yo sipòte sitiyasyon an, poutan, anpil ladan yo toujou ezite chèche èd nan fason tradisyonèl yo.

Gouvènè a pral kontinye sou angajman li pou sipòte premye sekouris Nouyòk yo lè li etabli yon Sant Ekselans Sante Mantal pou Premye Sekouris ki pral sèvi kòm yon sant fòmasyon ak asistans teknik nan tout eta a pou depatman tout gwosè ka devlope pwogram sipò ant kanmarad. Lè Nouyòk pwofite konfyans ki genyen nan relasyon ant moun, li pral kraze baryè ki anpeche moun pran swen epi asire ke moun k ap pwoteje kominote nou yo gen resous sante mantal yo bezwen pou yo rete an sekirite epi an sante nan travay la.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te fè sekirite piblik la pi gwo priyorite li, li te defann yon seri inisyativ enpòtan tankou:

- Siyen lwa istorik sou sekirite zam: ranfòse lwa Sinyal Alam Nouyòk la, ogmante pwoteksyon sistèm verifikasyon antesedan an, sere restriksyon sou pote zam kache, kodifye Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam, epi pran mezi sevè kont zam afe ilegal yo.
- Sipèvize yon bès 60 pousan nan ensidan fiziyad ki lakoz blesi nan kominote k ap patisipe nan inisyativ pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) eta a, ak ensidan fiziyad ki rive nan nivo ki pi ba ki janm anrejistre e ki lakòz yo retire plis pase 10,000 zam ilegal nan lari Nouyòk yo.
- Fè envestisman istorik nan sekirite metwo a, diminye krim nan transpò piblik anba nivo anvan pandemi an epi rive nan dezyèm nivo ki pi ba nan listwa.
- Ranfòse lwa sou kosyon ak dekouvèt nan Nouyòk pou kenbe kriminèl danjere yo deyò lari nou yo pandan n ap pi byen pwoteje viktim yo.
- Pran mezi desizif kont vòl nan magazen, elaji pwoteksyon travayè yo, ajoute nouvo akizasyon kriminèl ki vize gwoup vòl òganize nan magazen, epi bay finansman sekirite pou ti biznis yo; apati desanm 2025, vòl nan magazen te bese a 14 pousan ane apre ane nan Vil Nouyòk.
- Ap reponn a ogmantasyon krim rayisans yo lè yo elaji deli ki kalifye yo epi lè yo jwenn finansman pou pwoteje sit ki an risk yo

Ansanm, efò sa yo reflete vizyon Gouvènè Hochul pou yon eta ki pi an sekirite, ki pi fò, epi ki pi ekitab pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU